

## MEMORANDÒM

**POU :** Komite Skolè a

**YON MESAJ :** Andrea Zayas, Direktè Prensipal Afè Akademik (Afè Skolè)  
Christine Landry, Asistan Sipèntandan, Biwo Afè Akademik ak Aprantisaj Pwofesyonèl  
Doktè Jason Sachs, Direktè Egzekitif Edikasyon Timoun Piti

**KOPI POU :** Doktè Brenda Cassellius, Sipèntandan  
Mary Dillman, Chèf Pèsonèl yo  
Megan Costello, Konseye Prensipal

**DAT LA :** 24 Fevriye, 2021

**OSIJÈ :** Ansèyman Alfabetizasyon Ekitab pou Timoun Piti (Klas K2 jiska 2yèm ane)

An 2021, Komite Skolè a te etabli kèk objektif ak mezi pwoteksyon pou ankouraje bon ranman skolè pami elèv yo. Nan prezantasyon k ap fèt aswè a, n ap konsantre sou premye objektif la :

**Lekòl Piblik Boston (BPS) va kreye kondisyon pou elèv yo kapab atenn klas 3yèm ane a tou pare pou yo evolye lekòl, nan fason l va asire ke elèv ki nan klas K jiska 2yèm ane yo satisfè, oswa depase, atant yo nan konpreyansyon lekti nan nivo klas yo.**

Byenke nou pa ko etabli standa ki pou endike pwogrè elèv yo, pa egzanp 10% ogmantasyon nan konpetans chak ane, efò sila yo ki detaye nan prezantasyon sa a va ede n avanse.

Depatman Edikasyon Timoun Piti a, ki fè pati Biwo Afè Akademik ak Aprantisaj Pwofesyonèl la, kreye pwogram etid klas jadendanfan K0/K1 [Konsantrasyon sou Aprantisaj Timoun Piti](#) a an 2014. Pwogram etid la te kreye pou l santre sou timoun, pou l travèse plizyè disiplin, epi pou l baze sou jwèt. Chak ane depatman an ajoute yon nivo klas nan pwogram etid la, tout ane klas edikasyon timoun piti yo (K0 jiska 2yèm ane) jwenn reprezantasyon kounye a. Depi 2018, Depatman an, kòm pati strateji Divizyon Akademik la pou Ansèyman Alfabetizasyon Ekitab, ap enkopore rechèch sou syans lekti pou l anseye eksplisitman kèk [Konpetans Fondamantal](#), nan fason l aliye materyèl nou yo, nan fason l amelyore aksè e ranfòse ansèyman yo. Avansman Ansèyman Alfabetizasyon Ekitab se yon strateji rasyal ki vize amelyore alfabetizasyon nan yon fason radikal.

Pou pwochèn senk ane yo, depatman an/distri a va redouble efò l ap deplwaye yo pou l travay avèk depatman yo nan biwo santral la, direktè lekòl yo, ak pwofesè yo, pou l mete sou pye apwoch Syans Lekti a nan afè alfabetizasyon timoun pitit nan tout sal de klas yo. Nan moman sa a n ap konsantre sou pwogram etid edikasyon timoun pitit a nan anviwon 60% sal de klas nivo 1ye ak 2yèm ane yo. Anplis de

pwogram etid la ak materyèl anrapò yo, lekòl yo ap resevwa konsèy presi nan afè lekti ak ekri, epi distri ap kreye kèk strateji pou l travay avèk lektè sila yo ki genyen kèk difikilte (klasman 2).

Finalman, n ap kontinye etabli kèk patenarya avèk pwogram kominotè nou yo ki sèvi elèv lekòl matènèl, ak pwogram andeyò orè lekòl yo, ak patnè Senkyèm Trimès nou yo tou, ki va founi elèv yo avèk kèk opòtinite alfabetizasyon pandan ete a. BPS ap itilize yon konbinezon de pwòp bidjè pa l, kèk dola gouvènman federal la, ak gouvènman eta a, ak kèk dola prive pou finansye travay sa a pandan pwochèn senk ane yo.

**Prezantatè yo (Apa de Andrea Zayas, Christine Landry, ak Jason Sachs) :**

Brooke Childs - Pwomotris Pwogram Edikasyon Timoun Piti, k ap mennen kèk inisyativ apwopo alfabetizasyon klas K jiska 2yèm ane, epitou k ap ede kowòt Transfòmasyon an

Jacqueline Elias - Pwofesè pwogram Imèsyon Pwoteje nan Anglè (SEI) nan lekòl Blackstone, k ap fenk kòmanse Pwogram Etid Konsyans Fonemik Heggerty a.

Mayanna Suslavich - Konseye Transfòmasyon nan lekòl Blackstone nan, ki te ale nan Akademi "English Language Arts and Literacy Academy" a pandan ete a avèk "LETRs" ("Language Essentials for Teachers of Reading and Spelling" - ki vle di : "Bagay Esansyèl pou Anseyan Lekti ak Òtograf"), epitou l se yon konseye nan alfabetizasyon fondamantal nan lekòl Blackstone nan

Dwayne Nuñez - Pwomotè pwogram Edikasyon Timoun Piti, k ap mennen inisyatif ki anrapò ak Pwogram Etid Konsyans Fonemik Heggerty a nan klas jadendanfan K0/K1, epitou l se yon konseye nan lekòl transfòmasyon yo

Unicia Young - Pwomotris pwogram Edikasyon Timoun Piti, k ap mennen inisyatif ki anrapò ak Pwogram Etid Konsyans Fonemik Heggerty a nan klas jadendanfan K0/K1, epitou l se yon konseye nan lekòl transfòmasyon yo (*l ap pale si toutfw Dwayne pa ta ka pale*)